



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 22/7/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN “OPERATION CLEAR PASSAGE”  
(OPERASYON NETWAYE PASAJ) SOU LAKE CHAMPLAIN NAN**

***Depatman Pwoteksyon Anviwonman ap Dirije Egzèsis Anfòsman ki Gen Ladan l  
Plizyè Ajans pou Amelyore Sekirite Nasyonal, Kalite Dlo ak Sekirite Maritim nan***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse kòmansman “Operation Clear Passage” la – yon egzèsis anfòsman ki gen ladan l plizyè ajans pou evalye Sekirite Nasyonal ak kalite dlo/navigasyon bato sou Lake Champlain nan ki pral dire 3 jou. Fòmasyon maritim ak sou tè k ap fèt yo, pral kòmanse apati 22 jiyè rive 24 jiyè, yo pral gen ladan 17 bato ak plis pase 75 anplwaye ki soti nan 17 ajans k ap travay pou fè respekte lalwa federal, eta ak entènasyonal, sekirite nasyonal ak operasyon pou siveye anviwonman pandan fen semèn lan. Se premye tip egzèsis ak operasyon konsa ki ap fèt sou Lake Champlain nan.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Lake Champlain nan se yon pòtay entènasyonal ki esansyèl nan lavi kotidyen North Country a epi li enpòtan anpil pou nou byen prepare pou nou jere nenpòt kriz ki menase l. Òganizasyon ak koòdinasyon ap esansyèl si ta gen nenpòt bezwen respons ijans epi premye egzèsis sa pral ede asire ke New York prè pou l jere nenpòt sa ki menase sante nou, anviwonman, oswa sekirite nasyonal sou lak la.”

Evènman an pral gen ladan l yon egzèsis Sekirite Nasyonal federal ak egzèsis Pwogram Evalyasyon deteksyon radyolojik, ak operasyon ajans k ap travay pou fè respekte lalwa ki gen baz maritim. Objektif operasyon an yo se pou:

- Kreye yon pon pou patenarya ak amelyorasyon koòdinasyon avèk ajan ki ap pwoteje Lake Champlain yo
- Amelyore kapasite maritim kont teworis yo ak repons ajans yo lè gen yon katastwòf natirèl oswa lezòm kreye atravè egzèsis pou fè fas a menas sa yo nan tan reyèl
- Pwoteje kalite dlo ki nan Lake Champlain nan de espès anvayisan yo ak lòt menas tankou transpò petwòl brit
- Amelyore sekirite operatè bato yo atravè anfòsman règ navigasyon yo
- Rasanble enfòmasyon sou taktik ak tandans kontrebann moun itilize toupatou nan zòn ozalantou Lake Champlain nan.

Pwogram sa ap sou direksyon Depatman Pwoteksyon Anviwonman Eta New York la ansanm avèk Divizyon Sekirite Nasyonal ak Sèvis Dijans Eta New York la, Lapolis Eta New York, Lapolis Pak Eta New York la, Milis Baz Naval Eta New York la, Sant Ransèyman Eta New York la, Ekip New York 2<sup>nd</sup> Civil Support Team lan, ak biwo Sheriff Clinton County a. Patnè Vermont yo gen ladan yo Lapolis Eta Vermont, Vermont Fish and Wildlife Wardens (Gad Pwoteksyon Pwason ak Espas Natirèl Vermont lan), Vermont Urban Search and Rescue ( Chache epi Pote Sekou nan Vil Vermont lan yo), ak Ministè Sante Vermont lan. Ajans federal ki ap patisipe yo gen ladan yo, U.S. Coast Guard, U.S. Customs and Border Protection (Gad kot US la, Ajans Pwoteksyon Fwontyè ak Ladwan) , Biwo Domestic Nuclear Detection Office (Deteksyon Nikleyè Domestik), ansanm ak Canadian Border Patrol (Patwòl Fwontyè Kanada).

**Delege Departman Pwoteksyon Anviwonman Eta New York la Basil Seggos te di:** “Ofisye Depatman Pwoteksyon DEC ki ap fè patwòl eta nou an yo se premye liy defans pou pwoteje anviwonman New York la, resous natirèl nou yo, ak santé piblik kominote nou an. Mwen felisite anplwaye nou yo paske yo te koòdone fòmasyon enpòtan sa epi reyini ansanm tout patnè ki enpòtan anpil pou egzèsis preparasyon nan ka dijans ki pral asire koòdinasyon nan ka nenpòt ensidan anviwonmantal oswa sekirite nasyonal ki rive.”

**Delege Divizyon Sekirite Nasyonal ak Sèvis pou Ijans John Melville te di:** “Li vrèman enpòtan pou kolabore avèk patnè federal, eta ak lokal nou yo pou nou prepare epi amelyore mezi sekirite sou wout navigasyon sou dlo nou yo ak prè fwontyè nou you.” Divizyon an kontan pou l te fè pati egzèsis sa epi pou l te franchi etap sa yo pou asire pwoteksyon ak sekirite moun ki ap viv, ak vizite bèl rejyon entak nou an.”

Lake Champlain, ki kouvri apeprè 120 mil nan longè epi mezire 435 mil kare, se yon pòtay maritim entènasyonal enpòtan pou rantre Ozetazini ak Kanada epi se yon priyorite pou ofisye Sekirite Nasyonal la yo. An plis de sa, zòn lan se yon koulwa transpò chemen fè enpòtan, ki gen preske 20 pousan nan tout petwòl brit Bakken yo ki pase sou wout dlo lak la, epi ki poze yon gwo risk anviwonmantal. Operasyon sa ajoute sou Odonans Egzekitif 125 Gouvènè Cuomo a pou amelyore pwosesis pwoteksyon ak preparasyon repons ijans ki gen rapò ak anbakman Petwòl Brit nan eta, ki gen ladan devlopman plan repons jeografik konplè ki pou gide efò entèvansyon yo nan ka gen yon ranvèsman petwòl.

**Assistan Direktè Waf Lake Champlain nan, Steven Bronson te di:** "U.S. Customs and Border Protection ap toujou ap travay pou amelyore kapasite nou pou nou patisipe epi asiste tout ajans federal, eta, lokal, ak tribi yo nan operasyon aktivite ajans k ap travay pou fè respekte lalwa yo. Espri kooperasyon sa pi byen prepare tout ajans sa yo pou yo jere nenpòt defi ki ka rive nenpòt lè.”

Lak la se yon destinasyon rekreyasyonèl enpòtan, k ap sèvi dèdizèn demilye operatè bato chak ane, pandan l ap founi sous dlo potab tou pou plis pase 200.000 rezidan ak vizitè. Lak la ak basen vèsan li yo founi tou abita enpòtan pou yon bann espès plant ak bèt, ki gen ladan anpil nan espès ki menase ak andanje yo. Menas aktyèl kalite dlo

akoz de espès anvayisan ak dechaj egou yo fè pati preokipasyon prensipal ofisyèl k ap pwoteje anviwonman yo.

**Kòmandan George W. Scribner ki fè pati Vermont’s Fish and Wildlife Enforcement Division te di:** “Atravè koperasyon ant tout ajans sa yo melanje ansanm ak mezi edikasyon ak anfòsman yo pran yo, Vermont State Game Wardens ak lòt ajans ki fè pati Operation Clear Passage la yo pran angajman pou asire sekirite operatè bato yo ki ap itilize dlo Lake Champlain lan epi pwoteje ak prezève resous natirel ki anabondans ladan l yo.”

Lòt egzèsis jwent ki menm jan ak egzèsis sa yo te fèt nan Lake Erie ak Lake Ontario nan tan ki sot pase yo, epi Operation Clear Passage la se premye tip egzèsis konsa nan Lake Champlain. Avan Operasyon Clear Passage la te kòmanse, DEC te fè enspeksyon ki konsantre sou kalite dlo ki gen ladan dechaj egou ilegal, Inite Depo Estokaj Petwòl ki sou bò waf lak la yo, ak espès anvayisan ki ap menase ranp bato yo, nan 100 etablisman nou jwenn plis pase 116 kontravansyon.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418